


### BAB III

## MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta déskriptif analitis. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) métode déskriptif mangrupa métode panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, nu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan. Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina éta novel tuluy dianalisis datana ngeunaan struktural, étnopédagogi, jeung larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar maca novel di SMP.

### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain Panalungtikan nyaéta rarancang kagiatan nu rék dilaksanakeun ku panalungtik, nu miboga udagan pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun pasualan nu nyampak dina panalungtikan. Desain panalungtikan nu dilaksanakeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

### **3.2 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Ngumpulkeun data mangrupa kagiatan nu mimiti dilaksanakeun. Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu leuwih strategis dina panalungtikan, ku sabab udaganna pikeun nyangking data. Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara nu dipaké panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikanna (Arikunto, 2013, kc. 136). Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Studi pustaka nyaéta ngumpulkeun data ku cara néangan informasi dina buku, koran, majalah, jeung literatur séjénna nu tujuanna pikeun ngawasa hiji landasan tiori. Téhnik studi pustaka dipaké nalika néangan sumber tiori nu dijadikeun dadasar dina ieu panalungtikan.

#### **3.2.2 Téhnik Ngolah Data**

Sabada hasil data panalungtikan dikumpulkeun, kagiatan satuluyna nganalisis jeung ngolah data ngagunakeun téhnik nyaéta, 1) analisis struktural ala Robert Stanton nu ngawengku (téma, fakta carita, sarana sastra); 2) analisis ajén étnopédagogi nu ngawengku (cageur, bageur, bener, pinter, singer); 3) analisis pikeun milih bahan ajar. Ieu téhnik téh dipaké pikeun meunangkeun jawaban dina pasualan-pasualan nu geus dirumuskeun.

### **3.3 Instrumén Panalungtikan**

Instumén panalungtikan nyaéta alat bantu nu dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data nu luyu jeung masalah nu ditalungtik sangkan leuwih sistematis (Arikunto, 2013, kc. 265). Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh dibagi jadi dua: 1) instrumén ngumpulkeun data; jeung 2) instrumén ngolah data.

#### **3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data**

Instumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta instrumén tabél pikeun ngumpulkeun cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi carita.

Tabél 3.1  
Téma

No	Téma	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.2  
Galur

No	Judul Bagian	Wincikan Galur	Kode Data

Tabél 3.3  
Tokoh

No	Tokoh (Palaku)	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.4  
Latar

No	Latar (Tempat/Waktu/ Sosial)	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.5  
Gaya Basa

No	Gaya Basa	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.6  
Data Cutatan Ajén Étnopédagogi

No	Ajén étnopédagogi	Cutatan	Kode Data

### 3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén nu digunakeun dina ngolah data nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita nu aya dina novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman.

#### 1) Kartu Data Analisis Struktur Carita

Gambar 3.1  
Kartu Data Téma

Kode Data	:
Téma	:
Analisis	:

Gambar 3.2  
Kartu Data Fakta Carita (Galur, Tokoh, Latar)

Kode Data	:
Fakta Carita	:
Analisis	:

Gambar 3.3  
Kartu Data Sarana Sastra (Judul, Puseur Implengan, Gaya Basa)

Kode Data	:
Sarana Sastra	:
Analisis	:

#### 2) Kartu Data Analisis Ajén Étnopédagogi

Gambar 3.4  
Kartu Data Analisis Ajén Étnopédagogi

Kode Data	:
Ajén Étnopédagogi	:
Analisis	:

### 3) Kartu Data Kriteria Milih Bahan Ajar

Tabél 3.7  
Analisis Kriteria Milih Bahan Ajar

No	Kriteria Milih Bahan Ajar	Nyumponan	Teu Nyumponan
1.	Tujuan nu hayang dihontal		
2.	Dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa		
3.	Dianggap miboga ajén minangka warisan ti entragan saméméhna		
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan		
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa		

### 3.4 Data jeung Sumber Data


#### 3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta buku novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman pedalan CV Geger Sunten. Anapon data dina ieu panalungtikan nyaéta unsur intrinsik dina novel *Patepung di Bandung*, jeung ajén étnopédagogi nu aya dina novel *Patepung di Bandung*. Data séjén nu digunakeun nyaéta buku sumber nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

#### 3.4.2 Sumber Data

Nurutkeun (Arikunto, 2013, kc. 172), sumber data nyaéta obék nu dipaké pikeun nyangking data panalungtikan. Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman.

### 3.4.2.1 Idéntitas Novel



Gambar 3.5 Novel *Patepung di Bandung*

Judul buku : Patepung di Bandung

Pangarang : Taufik Faturrohman

Taun Terbit : Désémber 1995, citakan kahiji  
 Oktober 2007, citakan kadua  
 Pébruari 2012, citakan katilu

Jumlah Kaca : 112 kaca

### 3.4.2.2 Ringkesan Novel *Patepung di Bandung*

Kacaritakeun aya budak nu ngaranna Kondi, baheula mah kahirupan kulawarga Kondi téh leuwih ti cukup. Ngan ayeuna mah usaha motrét bapana téh geus kurang payu lantaran kaéléhkeun ku tukang motrét lain nu geus maké kamajuan téhnologi. Ti saprak éta, pacabakan bapana ganti jadi tukang baso diburuan sakola, tapi teu lila ti éta nu daragang di buruan sakola téh diusir teu meunang deui dagang didinya. Dina hiji poé, Mang Janta ngajak bapana Kondi gawé ka Jakarta jadi kuli némbok di salasahiji pausahaan bangunan. Lima poé ti saprak bapana Kondi indit ka Jakarta, ka imah aya surat ti bapa nu eusina nyaritakeun yén bapa geus nepi jeung salamet di Jakarta. Teu disangka-sangka dua poé ti harita kira-kira jam 5 soré, aya ambulan datang hareupeun imah Kondi.

Bapana Kondi ngajolopong lumpuh dina blankar, cek Mang Janta mah bapana Kondi téh ragrag basa keur némbok di lantai dua. Ti sanggeus bapana Kondi teu bisa deui gawé, indungna Kondi kapaksa ngajualan barang nu aya di imah keur nyumponan kabutuhan sapopoé. Nempo kaayaan jiga kitu, indungna Kondi jadi mindeng ambek jeung kadang mah nepi ka ngajejéléh bapana Kondi. Indungna Kondi ahirna ménta papisah, émbohna putusan ti pangadilan agama téh bapana Kondi kudu mangnyieunkeun imah keur indungna Kondi.

Sanggeus ditinggalkeun ku indungna, karasa pisan ripuhna ngagawéan sagala pagawéan di imah téh. Ari Kang Odong lanceukna Kondi, kalah mindeng abur-aburan. Lian ti ngurus bapana, ngagawéan sagala pagawéan imah, jeung sakola, ayeuna mah Kondi gé sok ngala tutut atawa ngala huut badag di panggilingan keur dijual tuluy dibelikeun kana kaperluan sapopoé. Dina hiji mangsa, Kondi nganjang ka imah indungna ka sampak aya sémah lalaki, Kondi nyaritakeun ka bapana ngeunaan sémah éta. Ti saprak harita, bapana jadi mindeng ngalamun. Ari pék cek Pa Mantri mah bapana téh gering liver. Kang Odong nu tadina disawang rék nyaangan deui kulawarga teu bisa diandelkeun kalah jol hayang kawin, bapana gé geus teu bisa nyarék.

Dina hiji poé, Kondi meunang béja yén Kang Odong dieureunkeun tina gawéna lantaran nyokot duit setoran. Basa Kondi nganjang ka imahna Kang Odong kasampak keur hulang-huleng, pikarunyaen pisan. Dina hiji peuting, Kang Odong gegedor ménta tulung lantaran Ceu Iti pamajikanna rék ngalahirkeun, ditulunganna ku Bi Manah. Dina hiji poé, Kondi meunang béja yén Kang Odong dibanda ku pulisi ku sabab ngabongkar toko Haji Isak. Ti harita pleng wéh taya béjana.

Ayeuna téh Kondi keur nungguan hasil ujianna, kahayang mah bisa tuluy sakola ka SMP ngan da kaayaan kieu. Hasil ujian Kondi geus kaluar, berekah lulus sanajan angkana henteu aralus ogé. Geus lulus, Kondi gawé di pabrik aci. Beuki dieu kaayaan bapana téh beuki parna, dina hiji peuting basa Kondi rék ngaganti cai dina gelas, bapana geus teu usik pisan, bapana Kondi maot.

Teu karasa geus sataun Kondi gawé téh. Kondi ditawarkan gawé ka kota ku Mang Mahmud. Gawé ka kota ku Kondi disanggupan, di Bandung téh Kondi jadi tukang nu ngajagaan jongko béas Mang Mahmud di Pasar Ciroyom. Dina hiji poé, Kondi jeung Mang Mahmud mapay-mapay Bandung néangan raratan lanceukna,

ceuk patugas lapas mah Kang Odong téh geus lila dibébaskeun, cenah di panjarana téh raket jeung nu ngaranna Asép Dodoy.

Dina hiji waktu, Mang Mahmud ngajakan Kondi nepungan tukang minyak nu ngaranna Asép Dodoy. Kondi atoh pisan, sугan waé bener ieu téh babaturan Kang Odong di panjara. Pas geus panggih jeung Asép Dodoy, ku Mang Mahmud ditanyaan ngeunaan Kang Odong, bener waé manéhna apaleun. Kang Odong téh jadi salasihiji pagawéna. Ayeuna Kondi jeung lanceukna geus panggih deui. Kondi jeung Kang Odong balik ka lembur, da Kang Odong mah rék mawa pamajikan jeung budakna pikeun matuh di Bandung, sedengkeun Kondi mah dititah maturan indungna nu geus jadi randa deui di lembur bari nuluykeun sakola nu waragadna jadi tanggungan Kang Odong. Ahirna mah Kondi bisa nuluykeun sakolana deui.

### 3.4.2.3 Biografi Singget Pangarang



Gambar 3.6 Pangarang buku

Taufik Faturohman dibabarkeun di Pagerageung-Tasikmalaya, dina kaping 10 Méi 1959. Anjeunna téh aktif dina nyieun karya sastra jeung buku pangajaran, anjeunna ogé miboga perusahaan penerbit CV Geger Sunten. Anjeunna ogé mangrupa lulusan IKIP Bandung nu kiwari mah jadi UPI (Universitas Pendidikan Indonesia).

Anjeunna munggaran ancrub di dunya tulis-menulis téh waktu kelas 2 SMA dina raraga pasanggiri ngarang tingkat SLTA sa-Kabupatén Tasikmalaya. Ti harita, anjeunna aktif nulis hususna pikeun mading sakola. Sawatara kalungguhan nu pernah dicangking ku anjeunna nyaéta salaku Ketua Umum Sénat Mahasiswa FPBS IKIP Bandung.

Sabada nyangking gelar sarjana, anjeunna teu nuluykeun jadi guru. Tapi ancrub kana dunya jurnalistik salaku wartawan. Satuluyana jadi redaktur Surat Kabar *Sipatahunan* (1978-1981), *Manglé* (1981-1986), jeung *Cakakak* (1987-1989). Nalika jadi redaktur *Manglé*, anjeunna ngawangun perusahaan penerbit nu ngaranna Medal Agung. Éta perusahaan téh geus medalkeun sababaraha buku, boh

Widia Rengganis, 2021

NOVEL PATEPUNG DI BANDUNG KARYA TAUFIK FATUROHMAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN  
NOVEL DI SMP (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



buku pangajaran, boh buku karya sastra, kaasup buku hasil karancagéanna. Kiwari mah perusahaan penerbit éta téh diganti jadi CV Geger Sunten. Sabada ancrub di masarakat, anjeunna loba ilubiung dina organisasi-organisasi saperti Paguyuban Pasundan, LBSS, Dewan Kesenian Jawa Barat, PERSIB, jsb.

Hasil karancagéana salaku pangarang nu ngahasilkeun sababaraha karya di antarana, *Kun Fayakun* (1983), kumpulan carita pondok; *sajak-sajak Cilauteureun* (1983), *Wasiat Konglomerat* (1955), salaku kumpulan sajak, novel *Patepung di Bandung* (1955). Buku pangajaran nu ditulis anjeunna di antarana *Ulukan Sastra Sunda* (1987), *Tatabasa Sunda* (1983), *Cupumanik* (1984), *Gapura Basa* (1985), *Piwulang Basa* (1987), *Peperenian* (1989), jsb.